QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI VAZIRLAR KENGASHINING QARORI

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ MINISTRLER KEŃESINIŃ QARARÍ

2022 - yil 9 - aprel 189-13-0-Q/22 Qoraqalpog‘iston Respublikasi Vazirlar Kengashi

Қарақалпақстан Республикасы аймағындағы ыссылық тәмийнаты шөлкемлери тәрепинен көрсетилетуғын ыссылық тәмийнаты бойынша хызметлер ушын тәртипке салынатуғын баҳаларды (тарифлерди) тастыйықлаў ҳаққында

Өзбекстан Республикасының 2021-жыл 30-декабрьдеги «2022-жыл ушын Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик бюджети ҳаққында»ғы 742-санлы Нызамының 13-статьясына, “Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси ҳаққында” Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 20-статьясына ҳәмде “Нормативлик ҳуқықый актлер ҳаққында” Қарақалпақстан Республикасы Нызамының 12-статьясына муўапық Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси қарар етеди:

1. Өзбекстан Республикасының 2021-жыл 30-декабрьдеги «2022-жыл ушын Өзбекстан Республикасы Мәмлекетлик бюджети ҳаққында»ғы 742-санлы Нызамының 13-статьясында белгиленген ўазыйпалар ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Президиумының 2022-жыл 17-февральдағы 599-санлы қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. “Коммуналлық ыссылық орайы” мәмлекетлик унитар кәрханасы ҳәм “Тақыятас ыссылық тармақлары” жуўапкершилиги шекленген жәмийети тәрепинен көрсетилетуғын ыссылық энергиясы ҳәм ыссы суўды жеткерип бериў хызметлериниң жаңа баҳалары (тарифлери) 1 ҳәм 2-қосымшаларға муўапық тастыйықлансын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Үй-жай коммуналлық хызмет көрсетиў министрлиги (А.Досназаров), Нөкис қаласы ҳәкимлиги (У.Панаев), Тақыятас районы ҳәкимлиги (И.Маткаримов):

- усы қарардың қосымшасына муўапық тастыйықланған «Коммуналлық ыссылық орайы» мәмлекетлик унитар кәрханасы ҳәм «Тақыятас ыссылық тармақлары» жуўапкершилиги шекленген жәмийети тәрепинен көрсетилетуғын ыссылық энергиясы ҳәм ыссы суўды жеткерип бериў хызметлериниң жаңа баҳаларын (тарифлерин) енгизиў;

- ыссылық тәмийнаты системасы объектлериниң жағдайы, пайдаланылыўы ҳәм оларға оңлаў хызмети көрсетилиўи үстинен қадағалаўды тәмийинлеў;

- ыссылық энергиясы ҳәм ыссы суў ушын төлемлердиң өз ўақтында ҳәм белгиленген тәртипте толық өндирилиўин тәмийинлеў, соның менен бирге, тутыныўшылардың қарыздарлығын кемейтиў бойынша мониторинг алып барыў;

- ыссылық кәрханалары тәрепинен хызметлер дүзилетуғын шәртнамаларға муўапық көрсетилиўин, соның менен бирге, тутыныўшыларға ыссылық энергиясы ҳәм ыссы суўдың үзликсиз жеткерилип берилиўин тәмийинлеў;

- гүз-қыс мәўсими дәўиринде тутыныўшыларға ыссылық энергиясын ҳәм ыссы суўды үзликсиз жеткерип берилиўин тәмийинлеў мақсетинде ҳәр жылға тастыйықланатуғын бағдарламаларға ыссылық ҳәм ыссы суў тәмийнаты объектлерин оңлаў ҳәм сақлаў жумысларының киргизилиўин режелестирип барыў илажларын көрсин.

4. Министрликлер ҳәм шөлкемлер өзлери қабыл еткен ҳуқықый ҳүжжетлерди бир ай мүддетте усы қарарға муўапықластырсын.

5. “Қарақалпақстан” телерадиокомпаниясына, Қарақалпақстан Республикасы Хабар ҳәм ғалаба коммуникациялар басқармасына «Коммуналлық ыссылық орайы» мәмлекетлик унитар кәрханасы ҳәм «Тақыятас ыссылық тармақлары» жуўапкершилиги шекленген жәмийети тәрепинен көрсетилетуғын ыссылық энергиясы ҳәм ыссы суўды жеткерип бериў хызметлериниң жаңа баҳалары (тарифлери) туўралы ғалаба хабар қураллары арқалы кең сәўлелендириў усыныс етилсин.

6. Усы қарар рәсмий жәрияланған күннен баслап өз күшине кириўи белгилеп қойылсын.

7. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары Е.Аташовқа жүклетилсин.

Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Баслығы **Қ.Сариев**

Qoraqalpog’iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2022 yil 9 apreldagi
189-13-0-Q/22-son qaroriga
1-ilova

«Коммуналлық ыссылық орайы» МУК тәрепинен 1 Гкал ыссылық энрегиясын ҳәм ыссы суўды жеткериў хызметин көрсетиў бойынша жаңа тарифлер

Хызмет түри	**Әмелдеги тариф** ***(сўм)***	**Жаңа тариф** ***(сўм)***
Ыссылық энергиясын жеткерип бериў		
Жеке хожалықлар ушын 1 Гкал	94380	94380
Жеке хожалықлардың 1 күнде 1 $м^2$ ысытыў майданы ушын	165,58	165,58
Көтере тутыныўшылар ушын 1 Гкал	137000 *(ҚҚС сыз)*	215000 *(ҚҚС сыз)*
Ыссы суўды жеткерип бериў		
Жеке хожалықларға ыссы суў өлшеў әсбабы болмағанда 1 адам ушын 1 айға	20348,33	20348,33
Жеке хожалықлар ушын 1 $м^3$ ыссы суў (өлшеў әсбабы көрсеткиши бойынша)	5304,16	5304,16

Qoraqalpog’iston Respublikasi
Vazirlar Kengashining
2022 yil 9 apreldagi
189-13-0-Q/22-son qaroriga
2-ilova

«Тақыятас ыссылық тармақлары» ЖШЖ тәрепинен 1 Гкал ыссылық энрегиясын ҳәм ыссы суўды жеткериў хызметин көрсетиў бойынша жаңа тарифлер

Хызмет түри	**Әмелдеги тариф (сўм)**	**Жаңа тариф (сўм)**
Ыссылық энергиясын жеткерип бериў		
Жеке хожалықлар ушын 1 Гкал	94380	94380
Жеке хожалықлардың 1 күнде 1 $м^2$ ысытыў майданы ушын	147,54	147,54
Көтере тутыныўшылар ушын 1 Гкал	137000 *(ҚҚС сыз)*	215000 *(ҚҚС сыз)*
Ыссы суўды жеткерип бериў		
Жеке хожалықларға ыссы суў өлшеў әсбабы болмағанда 1 адам ушын 1 айға	20348,33	20348,33
Жеке хожалықлар ушын 1 $м^3$ ыссы суў (өлшеў әсбабы көрсеткиши бойынша)	5304,16	5304,16